

LONG TERM CARE COMMUNITY COALITION

Advancing Quality, Dignity & Justice

KONSÈY POU RANFÒSMAN FANMI: ENDEPANDANS KONSÈY FANMI

Family Councils (FC) se yon gwoup zanmi ak fanmi rezidan nan mezon retrèt oubyen asistans ki travay ansanm pou defann moun yo renmen yo. Gwoup sa yo, kit se gwo oubyen piti, sèvi kòm yon espas prive pou fanmi yo eksprime enkyetid yo epi travay ansanm pou jwenn solisyon pou amelyore kalite lavi ak swen rezidan yo.

Konfidansyalite ak **endepandans** enpòtan pou siksè yon konsèy fanmi nan defann rezidan yo. Lwa federal (CFR 483.10(f)(5)) bay konsèy fanmi mezon retrèt yo dwa pou yo òganize ak patisipe nan gwoup rezidan **endepandan** de anplwaye etablisman an. An menm tan, etablisman an dwe bay yon espas reyinyon prive epi ede konsèy la òganize reyinyon si yo mande yo. Paj sa a ofri konsèy pou asire ke vi prive ak endepandans yon konsèy fanmi yo respekte ak pwoteje.

Sa pou Fè ak Sa pou pa Fè pou Kenbe Vi Prive'w/Endepandans

Sa pou Fè...

- Mete règ klè sou enfòmasyon prive ak komunikasyon ak konsèy fanmi'w.
- Sèvi ak komunikasyon an sekirite pou reyinyon vityèl, tankou chanm Zoom ki pwoteje pa modpas.
- Bay yon lyezon pou kenbe kontak ak anplwaye etablisman an.
- Si sa nesèsè, ou ka mande etablisman ed pou òganize reyinyon yo. Asire'w ke'w kenbe otonomi!
- Sèvi ak ombudsman ou yo! Yo ka ede edike manm konsèy la, fè medyasyon ant konsèy la ak etablisman an, epi asire yo respekte endepandans konsèy ou a.

Egzanp: Apre yo fin ede yon konsèy fanmi mete yon reyinyon Zoom, anplwaye yon mezon retrèt te di ke yo te vle gade pou "asire'w ke pa gen pwoblèm teknoloji." Lè sa a, Konsèy la te rankontre an prive epi li te deside yo pa vle anplwaye a la. Nan denmen, lyezon konsèy la te di anplwaye yo ke dapre CFR 483.10(f)(5), konsèy la te gen dwa pou l rankontre poukont li, men li te remèsye anplwaye a paske li te ede nan sal Zoom la.

Pa Fè...

- Pataje lyen reyinyon oubyen zafè konfidansyèl piblikman oubyen nan chenn imel louvri.
- Pèmèt anplwaye etablisman yo patisipe nan reyinyon ak/oubyen diskisyon dirèk san pèmisyon.
- Pataje minit reyinyon yo oubyen non patisipan yo ak anplwaye yo (menm si yo mande yo byen).
- Diskite sou zafè prive an piblik.
- Anrejistre reyinyon yo san konsantman konsèy fanmi an epi/oubyen pataje anrejistreman yo ak anplwaye yo.

Vizite bit.ly/fam-council-room pou mete yon chanm Zoom prive ak an sekirite pou konsèy fanmi w.
Aprann plis sou konsèy fanmi yo nan nursinghome411.org/families oubyen kontakte nou nan